




**GID RESOUS POU  
GRANMOUN K AP  
MANDE AZIL**



# ENTWODIKSYON

Si w se yon granmoun k ap chèche azil nan Vil Nouyòk epi w ap mandeabri ijans, ou dwe pran tout mezi posib pou w jwenn lòt lojman.

Ti liv sa a ba ou kèk ide pou bagay ki ka ede w jwenn lòt lojman. Li kapab ba w fason pou w konekte ak sèvis ou ka bezwen yo tou.

Si ou gen yon andikap ki fè li difisil pou ou jwenn lòt lojman ak jwenn aksè a sèvis, pale ak anplwaye nanabri w la.

## PLAN DOKIMAN AN

ENTWODIKSYON .....	2
311 .....	3
EDIKASYON .....	3
TRANSPÒ.....	4
SWEN SANTE.....	4
TRAVAY AK FINANS .....	7
ÈD JIRIDIK NAN KAD IMIGRASYON .....	8
LOJMAN.....	10
JWENN ANBASAD OSWA KONSILA OU .....	12
BIWO MAJISTRA A POU ZAFÈ IMIGRAN (MAYOR'S OFFICE OF IMMIGRANT AFFAIRS, MOIA).....	12
GID RESOUS LGBTQ+ .....	12
BIWO MAJISTRA POU METE FEN NAN VYOLANS DOMESTIK AK VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS (END DOMESTIC AND GENDER-BASED VIOLENCE, ENDGBV):.....	12
KOMISYON SOU DWA MOUN VIL New York:.....	12
BIBLIYOTÈK PIBLIK.....	12

# 311

## Resous Minisipal pou Imigran yo

Vil New York sipòte tout rezidan li yo. Tout moun, san retire imigran san papye yo, kapab jwenn aksè nan pifò nan sèvis Vil la. Sèvis sa yo gen bagay tankou ale lekòl oswa itilize sistèm swen sante a.

Jwenn plis enfòmasyon konsènan Sèvis Vil la isit la:

<https://www.nyc.gov/site/immigrants/city-services/basic-care.page>.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn aksè nan sèvis gouvènman Vil New York la, rele 311 oswa ale sou: <https://portal.311.nyc.gov/>.

## EDIKASYON

Tout timoun nan vil New York (NYC) ki gen ant 4-21 lane ka ale nan lekòl piblik. Pou w enskri, rele 311 oswa vizite <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers>.

Òganizasyon kominotè yo ofri pwogram alfabetizasyon, fòmasyon ak General Educational Development (General Educational Development, GED) pou granmoun ak jèn ki pa lekòl nan tout vil la. Yo anseye granmoun ak adolesan ki pa nan lekòl epi ki pa gen kapasite pou lekti, ekriti, matematik oswa angle. Pwogram yo gen ladan yo edikasyon debaz, preparasyon pou GED, ak anglè pou moun ki pale lòt lang. Rele 311 oswa 212-639-9675 pou èd.

**We Speak NYC** bay kou konvèsasyon lang Anglè gratis pou moun k ap aprann lang Anglè. Volontè yo sèvi avèk seri televizyon edikatif "We Speak NYC" ki te genyen prim Emmy. Yo itilize materyèl edikatif ki akonpaye chak videyo yo tou.

Videyo yo baze sou istwa vrè imigran k ap chèche chemen yo nan Vil New York epi yo bay enfòmasyon itil sou sèvis gouvènman yo. Kontakte Biwo Majistra a pou Zafè Imigran (Mayor's Office of Immigrant Affairs) nan 212-788-7654 pou konnen ki òganizasyon nan katye w ap ofri kou **We Speak NYC** yo.

**Cell-Ed** ofri itilizatè yo leson mobil gratis nan lang anglè ak devlopman konpetans epi ki aksesib nenpòt ki lè ak nenpòt kote. Aksede Cell-Ed Apati telefòn selilè ou.

Telechaje aplikasyon Cell-Ed la oswa rele +1-866-425-2355; antre PIN ou: 1788 oswa Pa òdinatè: <https://learn.cell-ed.com/#/> oswa WhatsApp, ekri "START" (KÒMANSE) nan mesaj nan +1-818-423-5533 Bezwen èd? [Gade Videyo Enstriksyon Cell-Ed la isit la: https://www.youtube.com/watch?v=ZKsVxtwqibU](https://www.youtube.com/watch?v=ZKsVxtwqibU).

# TRANSPÒ

## PRI REZONAB NYC (FAIR FARES NYC)

Moun Nouyòk ki gen revni ki ba yo ka resevwa yon rabè 50% sou tren ak kèk pri otobis pou ede jere depans transpò yo.

Si w gen ant 18 a 64 lane, ou pa resevwa yon MetroCard rabè atravè okenn lòt pwogram vil New York, epi ou gen yon revni famiyal ki pi ba pase limit sa yo:

Revni maksimòm chak mwa pou yon kay ki gen 1 moun: \$1,506.00  
Revni maksimòm chak mwa pou yon kay ki gen 2 moun: \$2,044.00  
Revni maksimòm chak mwa pou yon kay ki gen 3 moun: \$2,582.00  
Revni maksimòm chak mwa pou yon kay ki gen 4 moun: \$3,120.00  
Revni maksimòm chak mwa pou yon kay ki gen 5 moun: \$3,658.00  
Revni maksimòm chak mwa pou yon kay ki gen 6 moun: \$4,196.00  
Revni maksimòm chak mwa pou yon kay ki gen 7 moun: \$4,734.00  
Revni maksimòm chak mwa pou yon kay ki gen 8 moun: \$5,272.00

Rele 311 oswa vizite <https://www.nyc.gov/site/fairfares/index.page> pou plis enfòmasyon ak pou konfime kondisyon elijiblite yo.

## KONDUI NAN ETA NEW YORK

Pou kondi yon machin oswa yon motosiklèt nan Eta New York, ou dwe gen omwen 16 lane epi ou dwe gen yon lisans pou kondui oswa yon pèmi pou aprann nan Eta New York ki valab, oswa yon lisans oswa pèmi valab yon lòt eta oswa yon lòt peyi te ba ou.

Si w gen yon lisans pou kondui pou yon lòt peyi, ou pa bezwen yon lisans Eta New York pou w kondui isit la. Ou ta dwe aplike pou yon lisans chofè Eta New York sèlman si ou vin abite nan Eta New York.

Si ou bezwen plis enfòmasyon, ou ka vizite: <https://dmv.ny.gov/driver-licenses>.

# SWEN SANTE

## AKSÈ A SWEN SANTE

NYC Care se inisyati ki pi gwo ak pi konplè nasyon an pou garanti swen sante pou Moun Nouyòk, kèlkeswa estati imigrasyon oswa kapasite you moun nan genyen pou l peye.

NYC Care se yon pwogram aksè swen sante pou Moun Nouyòk ki pa ka jwenn asirans sante selon kritè federal yo. NYC Care garanti sèvis ki gratis epi ki pa koute chè yo NYC Health + Hospitals ofri.

Y ap dirije Moun Nouyòk ki elijib pou asirans sante yo, nan plan sante piblik vil la <https://metroplus.org/>.

### **Fason pou enskri**

- Rankontre ak yon Konseye Finansye NYC Health + Hospitals
- Rankontre oswa rele yon reprezantan MetroPlus
- Jwenn patnè ki baze nan kominote a:  
<https://www.nyccare.nyc/community-based-organization/>
- Pou plis enfòmasyon, rele 1-646-692-2273

## **NYC HEALTH + HOSPITALS**

NYC Health + Hospitals gen lokal nan tout vil la. Yo ofri yon seri sèvis konplè an pèsòn ak sèvis vityèl ki gen ladan:

- swen prensipal,
- swen ijan,
- sante mantal ak
- sèvis espesyalize.

Pou pran yon randevou, ou ka rele 1-844-692-4692.

### **Bronx**

NYC Health + Hospitals/Jacobi  
1400 Pelham Parkway South, Bronx, NY 10461

NYC Health + Hospitals/Lincoln  
234 East 149th Street, Bronx, NY 10451

NYC Health + Hospitals/North Central Bronx  
3424 Kossuth Avenue, Bronx, NY 10467

### **Brooklyn**

NYC Health + Lopital/Kings County  
451 Clarkson Avenue, Brooklyn, New York 11203

NYC Health + Hospitals/South Brooklyn Health, Ruth Bader Ginsburg Hospital  
2601 Ocean Parkway, Brooklyn, NY 11235

NYC Health + Lopital/Woohull  
760 Broadway, Brooklyn, New York 11206

## **Manhattan**

NYC Health + Hospitals/Bellevue  
462 First Avenue, New York, NY 10016

NYC Health + Hospitals/Harlem  
506 Lenox Avenue, New York, NY 10037

NYC Health + Hospitals/Metropolitan  
1901 First Avenue, New York, NY 10029

## **Queens**

NYC Health + Hospitals/Elmhurst  
79-01 Broadway, Elmhurst, New York 11373

NYC Health + Hospitals/Queens  
82-68 164th Street, Queens, New York 11432

# **SÈVIS SANTE MANTAL**

**NYC 988** se koneksyon ou ak yon sipò gratis ak konfidansyèl pou sante mantal. Pale ak yon konseye nan telefòn, tèks, oswa tchat epi jwenn aksè a sèvis sante mantal ak toksikomani. Sipò a disponib nan plis pase 200 lang.

A nenpòt lè nan nenpòt jou, nan prèske nenpòt lang, Rele oswa voye yon tèks bay **NYC 988** pou jwenn èd ou bezwen an.

# **SWEN SANTE REPWODIKTIF**

Si w ansent, Vil New York gen sèvis sante seksyèl gratis ak konfidansyèl ak pwogram asirans sante. Vil New York gen klinik tou pou ede ak anpil pwoblèm ki gen rapò ak gwosès.

Patenarya Enfimyè-Fanmi Depatman Sante (Health Department's Nurse-Family Partnership) a kapab konekte kèk nouvo manman ak enfimyè ki resevwa fòmasyon espesyal. Enfimyè sa yo fè vizit regilye adomisil pandan gwosès ou ak de premye ane tibebe a pou ede w kenbe fanmi w an sante. Ou ka enskri depi nan kòmans gwosès ou men pa pita pase 28yèm semèn nan. Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis ki pa koute chè pou enfeksyon seksyèlman transmisib (EST), san retire VIH. Nenpòt moun ki gen 12 lane oswa plis ka resevwa sèvis nan nenpòt klinik, kèlkeswa estati imigrasyon li. Konsantman paran yo pa nesesè.

Rele Liy Dirèk Klinik Sante Seksyèl Vil New York la (NYC Sexual Health ClinicHotline) (347-396-7959) pou sèvis telemedsin.

Avòtman san danje epi li legal nan Eta New York la. Ou ka jwenn yon pwofesyonèl pou fè avòtman ak lòt resous pou sipò lè w rele Sant Aksè Avòtman (Abortion Access Hub) lendi jiska samdi, 8è am jiska 8è pm nan 877-692-2482.

# IDNYC

Pran yon randevou jodi a pou aplike pou IDNYC gratis ou a. **Rele 311** epi di “IDNYC” oswa vizite <https://www.nyc.gov/site/idnyc/index.page>.

IDNYC se yon kat idantifikasyon gratis pou tout Moun Nouyòk ki gen 10 lane ak plis. Li vini ak plizyè douzèn gwo avantaj. IDNYC **pa** bay otorizasyon travay. Li pa ka itilize pou vwayaje oswa andeyò Vil New York. IDNYC pa gen enpak sou estati imigrasyon tou. IDNYC pa kolekte enfòmasyon sou estati imigrasyon, epi enfòmasyon aplikan yo konfidansyèl. Vil la ap pwoteje enfòmasyon ki genn rapò ak IDNYC nan tout limit lalwa.

## KANTIN POPILE



Kantin popilè vil New York yo bay moun ki nan bezwen manje gratis. Pou jwenn yon kantin popilè touprè w, eskane kòd QR ki anba a oswa vizite <https://finder.nyc.gov/foodhelp/>.

## TRAVAY AK FINANS

### TRAVAYÈ IMIGRAN

Gen anpil lwa sou travay ak anplwa ki pwoteje travayè yo nan vil New York. Lwa sa yo aplike pou *tout* travayè yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Aprann plis isit la:

<https://www.nyc.gov/site/dca/workers/workersrights/know-your-worker-rights.page>.

### Konsèy pou Imigran yo nan kad Pwoteksyon Konsomatè

Imigran yo fè fas a defi inik nan espas travay yo ak sou mache a. Jwenn konsèy konsènan dwa ou yo ak ki kote pou ale pou ou jwenn

èd: <https://www.nyc.gov/site/dca/consumers/immigrants.page>.

**Workforce1** ede Moun Nouyòk yo ak otorizasyon travay prepare pou, epi konekte ak, travay atravè Vil New York ak nan chak sektè nan ekonomi an. Ale sou

<https://www.nyc.gov/site/sbs/careers/virtual-wf1cc.page>

**Sant pou Otonòmi Finansye Vil Nouyòk** yo ofri konsèy finansye endividyèl gratis. Sèvis la konfidansyèl, epi konseye pwofesyonèl nou yo pale plizyè lang. Ale la pou pran yon randevou: <https://www.nyc.gov/site/dca/consumers/get-free-financial-counseling.page>. Pou plis enfòmasyon sou sèvis endepandans finansye a, rele 311.

### **NYC Free Tax Prep**

Si ou te touche \$85,000 oswa mwens an 2023, sèvi ak NYC Free Tax Prep pou ranpli deklarasyon w lan gratis epi kenbe tout ranbousman ou. Pou aprann plis, vizite <https://www.nyc.gov/site/dca/consumers/file-your-taxes.page>.

**Yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN)** se yon nimewo pwosesis deklarasyon taks Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) Etazinibay pou rapòte ak peye enpo federal.

Sa a, an jeneral, aplike pou moun ki pa sitwayen ameriken men ki gen obligasyon pou ranpli deklarasyon taks Etazini paske yo te touche revni ameriken.

Ou ta dwe aplike pou yon ITIN si:

- Si w pa elijib pou jwenn yon Niemwo Sekirite Sosyal
- Ou te touche revni Ozetazini, epi
- Ou dwe ranpli deklarasyon taks ou.

Yon ITIN pa:

- Otorize yon moun pou li travay Ozetazini
- Bay kalifikasyon pou avantaj Sekirite Sosyal oswa Medicare.
- Chanje estati imigrasyon yon moun.

Gen plis enfòmasyon ki disponib sou entènèt: <https://www.nyc.gov/site/dca/consumers/file-your-taxes-itin.page>.

# **ÈD JIRIDIK NAN KAD IMIGRASYON**

## **KENBE ADRÈS OU A JOU!**

Si ou te aplike pou azil, otorizasyon travay oswa nenpòt lòt avantaj imigrasyon, ou dwe chanje adrès ou ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) nan dis (10) jou. Tou depan de sitiyasyon dosye w la, ou dwe chanje adrès ou ak Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (Executive Office of Immigration Review, EOIR), Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (US Immigration and Customs Enforcement, ICE) e petèt avèk Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS).

Ou ka chanje adrès ou **nanz EOIR** an pèsòn, elektwonikman oswa pa lapòs. Ale sou: <https://respondentaccess.eoir.justice.gov/en/forms/eoir33ic/>. **Tanpri sonje:** ou dwe voye yon kopi fòm chanjman adrès la bay Depatman Sekirite Nasyonal (Department of Homeland Security) pa lapòs tou epi soumèt Prèv Sèvis la bay EOIR (an pèsòn, elektwonikman oswa pa lapòs).



Verifye sitiwayon pwosedi tribinal ou yo pa telefòn gras avèk Sistèm Otomatik EOIR la: Rele 1-800-898-7180 oswa vizite: <https://acis.eoir.justice.gov/en/>. Si Sistèm Enfòmasyon Otomatik Dosye EOIR fè w konnen yo bay yon lòd ekspilasyon nan dosye w la, kontakte avoka w imedyatman. Si ou pa gen yon avoka, rele liy dirèk Sipò Jiridik Imigrasyon Biwo Majistra A Pou Zafè Imigran yo (MOIA Immigration Legal Support Hotline) nan 1-800-354-0365 ant 9è AM-6è PM, Lendi rive Vandredi, oswa rele 311 epi di "ActionNYC."

Si ou depoze demann aplikasyon **USCIS** ou sou Entènèt atravè pòtay USCIS la, ou ka chanje adrès ou sou entènèt. Ale sou: <https://myaccount.uscis.gov/>.

Si ou te ranpli aplikasyon **USCIS** ou pa lapòs, ou ka chanje adrès ou sou Entènèt. Ale sou: <https://egov.uscis.gov/coa/displayCOAForm.do>.

Si w gen enskripsyon ICE, ou ka chanje adrès ou avèk ICE sou Entènèt. Ale sou: <https://onlinechangeofaddress.ice.gov/ocoa>.

## ENFÒMASYON JURIDIK POU MOUN K AP MANDE AZIL

**Mande anplwayeabri a** si w bezwen èd pou ou ranpli yon aplikasyon pou:

- Azil
- Otorizasyon travay
- Estati Pwoteksyon Tanporè

Enfòmasyon sou imigrasyon ak sitwayènte: <https://www.nyc.gov/site/immigrants/index.page>.

Jwenn òganizasyon ki pou fè yon analiz legal imigrasyon, konsiltasyon, chanjman adrès ak asistans pou chanje lokal, ak asistans avèk aplikasyon imigrasyon ki gen ladan, men pa limite a azil: <https://www.nyc.gov/site/immigrants/legal-resources/legal-information-for-asylum-seekers.page>

Liy Dirèk Sipò Legal Imigrasyon Biwo Majistra Pou Zafè Imigran yo (MOIA Immigration Legal Support Hotline) (1-800-354-0365) disponib Lendi-Vendredi 9è AM-6è PM epi li bay enfòmasyon ak referans nan pwogram sèvis legal Vil la finanse yo.

Vizite Rezo Defansè Imigrasyon an (Immigration Advocates Network) pou jwenn yon lis avoka gratis oswa lè w rele Liy Dirèk pou Nouvo Ameriken yo nan 1-800-566-7636. Oswa jwenn anyè a sou entènèt: <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/search?state=NY>.

# LOJMAN

## MEN KÈK KONSÈY SOU FASON POU CHACHE LOJMAN

### **Aplikasyon ak Sit Entènèt Imobilye**

Gen yon seri sitwèb ak aplikasyon pou smatfòn k ap ogmante epi k ap chanje tout tan pou ede Moun Nouyòk yo jwenn yon kote pou yo lwe oswa achte. Li entelijan pou eseye plizyè – yon sèl aplikasyon p ap ka gen tout bagay. HPD pa rekòmande okenn konpayi espesifik, men yon rechèch sou entènèt la oswa nan magazen aplikasyon sou telefòn ou pou “NYC rentals” (Lwaye nan vil New York) pa egzanp, ap bay anpil opsyon. Anons endividyèl yo ka fè piblisite tou pou pòt ouvè, kote ou ka enskri oswa ale sou plas san randevou pou wè yon apatman ki disponib.

### **Pawòl nan bouch**

Moun Nouyòk jwenn lojman yo gras ak teledyòl, sitou nan men zanmi, fanmi ak kòlèg travay. Si w ap chèche yon apatman, asire ou enfòmè tout moun ou konnen pou di yo w ap chèche youn.

### **Ti Anons**

Ti anons yo se piblisite kout moun itilize pou achte, vann oswa fè piblisite pou bagay tankou travay oswa sèvis. Yo jwenn yo an jeneral nan jounal, sou sit entènèt oswa menm sou tablo afichaj.

### **Pwomennnen**

Yon ti kantite lokatè jwenn apatman yo lè yo tou senpleman wè yon siy "For Rent" (A Lwe). Li ka itil ou pou ou mache nan katye ou ta vle viv la epi gade ozalantou.

### **Gwoup Kominotè**

Ou ka detanzantan jwenn lojman atravè biwo gouvènman lokal yo oswa gwoup kominotè ki genyen enfòmasyon sou posiblite lojman nan katye a. Gade bò kote kèk nan gwoup san bi likratif katye yo (sant pou granmoun aje, ajans sèvis kominotè, elatriye) nan zòn nan. Gade si yo gen lis oswa tablo afichaj ki disponib.

Pou jwenn enfòmasyon sou dwa w antanke lokatè, vizite:

<https://www.nyc.gov/content/tenantprotection/pages/tenant-protection-laws>.

Pou jwennrepons pou kesyon yo poze souvan sou lojman nan Vil New York yo, vizite Konsèy direktiv pou pri lwaye (Rent Guidelines Board):

<https://rentguidelinesboard.cityofnewyork.us/resources/faqs/>.

Pou jwenn enfòmasyon sou rechèch apatman nan Vil New York, vizite:

<https://rentguidelinesboard.cityofnewyork.us/resources/apartment-hunting/>.

Evite anak sou lokasyon yo. Endividi oswa gwoup yo te konnen, konn ofri lojman, Lè sa a, yo pran lajan an epi yo disparèt. Si li sanble twò bèl pou li ta vre, pwobableman se sa li ye. Pou plis enfòmasyon, ale sou:

[https://www.nyc.gov/assets/nypd/downloads/pdf/crime\\_prevention/NYPDcptsips\\_RentalScam.pdf](https://www.nyc.gov/assets/nypd/downloads/pdf/crime_prevention/NYPDcptsips_RentalScam.pdf).

**Poze anplwaye nan abri sa a kesyon, si w gen kesyon sou enfòmasyon yo bay nan gid resous sa a.**

# MEN KÈK SIT WÈB KI PLIS EDE AK ENFÒMASYON SOU KÒMAN POU NAVIGE NAN VIL NEW YORK:

## **JWENN ANBASAD OSWA KONSILA OU**

Enfòmasyon pou kontakte anbasad ak konsila yo disponib sou entènèt nan Depatman Eta (State Department)

<https://travel.state.gov/content/travel/en/consularnotification/ConsularNotificationandAccess.html>.

## **BIWO MAJISTRA A POU ZAFÈ IMIGRAN (MAYOR'S OFFICE OF IMMIGRANT AFFAIRS, MOIA)**

Biwo Majistra A Pou Zafè Imigran yo (MOIA) la pou sipòte w pandan w ap chèche resous nan Vil la ak nan kominote a.

Pou plis enfòmasyon, rele liy dirèk MandeMOIA (AskMOIA hotline) nan 212-788-7654, lendi a vandredi soti 9:00 am jiska 5:00 pm, oswa voye yon imèl bay [AskMOIA@cityhall.nyc.gov](mailto:AskMOIA@cityhall.nyc.gov).

Ou ka jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon pou asistans lajan kach ak lòt resous sou Entènèt sou: <https://www.nyc.gov/site/immigrants/city-services/cash-assistance.page>.

## **GID RESOUS LGBTQ+:**

<https://comptroller.nyc.gov/services/for-the-public/lgbtq-guide/overview/>

## **BIWO MAJISTRA POU METE FEN NAN VYOLANS DOMESTIK AK VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS (END DOMESTIC AND GENDER-BASED VIOLENCE, ENDGBV):**

Si w se yon sivivan oswa ou sispèk ou se yon sivivan nan Vyolans Domestik, Vyolans Familyal, Abi sou Granmoun Aje, Abi nan frekantasyon, asèlman, Vyolans Seksyèl, Trafik Moun, vizite sit entènèt ENDGBV a sou <https://www.nyc.gov/site/ocdv/get-help/covid-19-update.page>. pou enfòmasyon ak sipò.

## **KOMISYON SOU DWA MOUN VIL New York:**

Nan Vil New York, yo pa ka fè diskriminasyon kont ou akòz estati imigrasyon aktyèl ou oswa pèsevwa oswa orijin nasyonal ou nan:

- Travay, lojman, ak espas piblik tankou magazen, lopital, ak sal sinema

Kèlkeswa estati imigrasyon ou, ou gen dwa tou. Jwenn plis enfòmasyon ki disponib la a: <https://www.nyc.gov/site/cchr/law/protections-based-on-immigration-status-and-national-origin-en.page>.

## **BIWO ETA NEW YORK POU NOUVO AMERIKEN (NEW YORK STATE OFFICE OF NEW AMERICANS):**

Pou jwenn enfòmasyon konsènan sèvis ki disponib nan rezo founisè kominotè nan tout eta a, rele 1-800-566-7636 oswa vizite sit entènèt yo a sou: [https://dos.ny.gov/office-new-americans?utm\\_medium=301&utm\\_source=www.newamericans.ny.gov](https://dos.ny.gov/office-new-americans?utm_medium=301&utm_source=www.newamericans.ny.gov).

## **BIBLIYOTÈK PIBLIK**

Nou gen bibliyotèk piblik gratis nan tout vil New York. Jwenn enfòmasyon sou kote ak lè isit la:

<https://www.nypl.org/>

<https://www.bklynlibrary.org/>

<https://www.queenslibrary.org/>